

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di wilayah Purwasuka nu ngawengku Kabupatén Purwakarta, Subang, Karawang. Tilu Kabupatén ieu baheulana mah ngan sakabupatén nya éta Kabupatén Karawang, sabab léga teuing tuluy dipisah jadi tilu Kabupatén. Sacara géografis wilayah Purwasuka aya di beulah kalér Propinsi Jawa Barat, sarta katelah wilayah Pantura (Pantai utara). Satiap Kabupatén di wilayah Purwasuka miboga objék wisata Curug.

Di wilayah Purwasuka aya tujuh belas curug nu miboga sasakala séwang-séwang, di antarana: di Purwakarta aya Curug Cipurut, Curug Ciséoh, Curug Gandasoli, Curug Panembahan. Di Subang aya Curug Cijalu, Cimuja, Curug Cilampér, Curug Cikondang, Curug Guha Badak, Curug Karémbong, Curug Sadim, Curug Saga, Curug Pamandian Tuan. Di Karawang aya Curug Bandung, Curug Cigentis, Curug Panundaan, Curug Peuteuy.

Aya sababaraha dasar katut aspék nu kapanggih dina munculana ngaran curug di wilayah Purwasuka dumasar carita rayat téh nya éta: (1) Dasar munculna ngaran curug dumasar aspék jalma, kapanggih aya salapan curug nu muncul ngarana didadasaran ku ayana aspék jalma nya éta; Curug Ciséoh, Gandasoli, Panembahan, Cimuja, Sadim, Saga, Pamandian Tuan, Bandung, Cigentis. (2) Dasar munculna ngaran Curug dumasar Aspek Ékologis, di sawang tina jihat ékologis, munculna toponimi curug di wilayah Purwasuka nyoko kana tilu aspék, nyaéta: aspék misato, aspék mituwuhan, jeung aspék mibarang. Aya dua toponimi curug anu sipatna misato atawa didadasaran ku aspék sato, nya éta; Curug Cijalu jeung Curug Guha Badak. Sarta aya tilu toponimi curug anu di kasang tukang ku aspék mituwuhan, nya éta; Curug Cipurut, Curug Cikondang, jeung Curug Peuteuy. Sedengkeun aya tilu toponimi curug anu sipatna mibarang atawa didadasaran ku aspék barang, nya éta; Curug Karémbong, Curug Cilampér jeung Curug Panundaan

Unggal ngaran curug di wilayah Purwasuka teu leupas tina aspék kabasaan/linguistik, sarta miboga pola-pola linguistik nu tangtu, ieu pola téh bisa

dicirian ku tilu pola, nya éta; (1) Pola toponimi salancar, (2) Pola toponimi rundayan, jeung (3) Pola toponimi kantétan.

Kapanggih aya genep curug di wilayah Purwasuka nu kaasup kana pola toponimi salancar nya éta; (1) Pola toponimi salancar dua engang (Curug Sadim, Curug Saga, Curug Bandung, Curug Peuteuy), (2) Pola toponimi salancar tilu engang (Curug Karémbong), (3) Pola toponimi salancar opat engang (Curug Gandasoli).

Aya dua curug di wilayah Purwasuka nu kaasup kana pola toponimi rundayan *paN—an + KP* nya éta Curug Panembahan jeung Curug Panundaan..

Toponimi curug di wilayah Purwasuka aya nu ka asup kana kecap barang kantétan. Kecap barang kantétan diwangun ku dua kecap nya éta: kecap barang jeung kecap barang (KB+KB), kecap barang jeung kecap sipat atawa pagawéan (KB+KS/KB+KP).

Aya dalapan curug nu ka asup kana pola kecap barang kantétan nu diwangun ku kecap barang+kecap barang (KB+KB) di antarana; Curug Cipurut, Ciséoh, Cijalu, Cilampér, Cikondang, Guha Badak, Pamandian Tuan jeung Cigentis. Sarta aya hiji curug nu ka asup kana pola kecap barang kantétan nu diwangun ku kecap barang jeung kecap pagawéan nya éta Cimuja.

5.2 Rékomendasi

Sabada di talungtik, réa pisan mangpaat toponimi ngaran curug téh hususna pikeun panalungtik. Sarta dipiharep hasil panalungtikan ieu bisa méré gambaran sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan toponimi curug di wilayah Purwasuka kanu macana. Panalungtik ngarasa panalungtikan ieu jauh kénéh kana kasampurnaan. Kacida hadéna garapan samodél kieu dituluykeun kalawan leuwih écés. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha rékomendasi:

Keur Masarakat sunda (umumna) jeung masarakat wilayah Purwasuka (hususna) anu geus teu apal/mikawanoh kana sasakala ngaran-ngaran curug di wilayahna jeung aspék-aspék sistem méré ngaran hiji tempat (toponimi), mugia sabada maca ieu skripsi jadi wanoh tur apal kana élmu toponimi.

Keur Disparbud Kabupatén Purwakarta, Subang, jeung Karawang mugia ieu panalungtikan jadi inventaris data sajarah ngaran-ngaran curug di wilayah Purwasuka.